


# POMIDORDI JETISTIRIW HÁM ÓNIMDARLIǴIN ASIRIW

**Kdirbayeva Aziza Rustemovna**
Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar
instituti 2-kurs magıstrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.8325438

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 25- August 2023 yil
Ma'qullandi: 28-August 2023 yil
Nashr qilindi: 07-September 2023 yil

**KEY WORDS**
*Pomidor, nál, topıraq, pomidor ósimligin azıqlantırıw, tógin, fosfor-kaliyli tóginler, Sińor Pomidor.*

**ABSTRACT**
*Bul maqalada palız eginlerinen biri pomdordı jetistiriw hám onıń ónimdarlıǵın asırıw haqqında sóz etıldı, tiyisli usınıslar berildi.*

Pomidordıń erte piser sortların apreldıń birinshi on kúnliginde, orta piser sortların aprel ayınıń ortalarında, kesh piser sortların bolsa aprel ayınıń aqırında egiw kerek. Eger ústin plyonka menen jabıw múmkinshiligi bolsa, pomidorlardı túbegi menen 23-25-marttan baslap egiw maqsetke muwapıq boladı. Erte piser túrleri 80 X 30 sm sxeması, orta piser hám kesh piser túrleri bolsa 90 X 30 sxeması boyınsha egiledi. Náller egilgennen keyin qandırıp suwǵarıladı. Olar túbir alıp, jaqsı tutqanǵa shekem 3-6 kún dawamında jer ızǵar bolıwı kerek. Topıraq tapqa kelgennen soń ósimliktiń átirapın jumsartıw kerek boladı yaǵnıy náldiń átirapı biraz jumsartiladi. Birinshi suwǵarıw menen ekinshi suwǵarıwdıń arasında 7-8 kún bolıwı kerek. 10-12 kúnnen keyin bolsa náller úshinshi ret suwǵarıladı. Suw salmalar arqalı taratıladı. Bunda topıraqtıń ústi, ósimlikke jaqın qatlamı júdá ızǵar bolıp ketpewi kerek. Shlangada suw sewip suwǵarıwda múmkin emes.

Pomidor gúlley baslaǵanda birinshi ósimliktiń átirapı jumsartıladı, jaz dawamında 2-3 ret jumsartılıp barıladı hám otaqlardan (jabayı shóplerden) tazalanıp turıladı.

Sonıda ayrıqsha atap ótiw kerek, dalaǵa quyash túsip tursa, egin jaqsı kútim etilse, pomidordan mol payda alınadı. Pomidor túplerın kóterip, qazıqlarǵa baylap qoyıw múmkin.

Pomidor túplerı qaziqqa baylamastan óstirilgende, túbi qarıqqa jatqızıladı. Qarıqlarda otaqlar (jabayı shópler) bolmawı, topıraǵı qurǵaq hám jumsaq bolıwı kerek. Qarıqlar qurǵaq bolsa, pomidor miyweleri shirip ketpeydi, kem kesellenedi hám zıyanlanbaydı. Pomidor topıraq granulalıǵına júdá qatal bolǵanlıǵı sebepli, ol hasıl tawsılıp atirǵan dáwirde túplerdıń átirapı háddan tısqarı ızǵarlanǵan yamasa qatıp ketpewine itibar beriw shárt. Sebebi bul process ósimliklerdiń solıp yamasa topıraqta qısılıp qalıwına alip keledi. Buǵan álbette jol qoymaw kerek. Pomidorlardı jetistiriwde topıraqtı jumsartıw hám otaqlardı óz waqtında tazalawǵa ayrıqsha itibar beriw kerek boladı. Ósimlik rawajlanıwınıń birinshi dáwirinde topıraq 4-5 ret 7-10 sm urada jumsartıladı. Topıraqtı bosatıw menen bir qatarda pomidordıń tómengi bólegin jerden 6 -7 sm biyiklikte azmaz kómip qoyıw kerek boladı. Bul ámel

qosımsha tamırlardıń payda bolıwına alıp keledi, ósimliktiń tómengi bólimin ıssılıq penen támiyinleydi, sonday-aq, onıń keselleniwin de azaytadı. Bul processtıń birinshisin náller egilgeninen 15-17 kún keyin, ekinshisin bolsa tağı 15-20 kún ótkennen keyin ámelge asırıw kerek. Topıraqta ızǵar jetispese yamasa kún júdá ısıp ketse, pomidordı suwǵarıw kerek boladı. Onıń ushın pomidor átirapında shuqurlıq payda etiledi hám oǵan suw quyıladı. Suwǵarıw ásirese ashıq maydanǵa egilgen waqıtta hám miyweler tógiliwi waqtında júdá áhmiyetli bolıp tabıladı. Hár bir suwǵarıw ámelinen keyin, jer qatıp qalmawı ushın shuqırshalar topıraq penen toltırıp qoyıladı. Hár bir ósimlikti qandırıp suwǵarıw ushın 0,75-2 litr suw tuwrı keliwin esapqa alǵan maqul boladı. Pomidorlardı azıqlantırıwda tómendegilerdi esapqa alıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı:

- Nál jetistirip atırǵan waqıtta fosfor-kaliyli tóginlerge talap kúshli boladı, azotlılarǵa bolsa talap kemirek boladı.

- Náller egilgeninen keyin azotlı tóginler muǵdarıda fosfor-kaliyli tóginler dárejesine kóteriledi.

Pomidor ósimliginiń fosforga bolǵ'an mútájliginda ayrıqsha atap kórsetiw kerek, sebebi olar fosfordı júdá kem muǵdarda isletedi, biraq fosfor jetispewshiligine de júdá sezgir. Pomidor miyweleri payda bolıwına ósimliktiń topıraqtan alatuǵın fosfor muǵdarınıń derlik 90% sarıplanadı. Pomidordıń fosforǵa bolǵan mútájligin qandırıw ushın onı fosfor tóginleriniń eń eriwsheń túri bolǵan superfosfat penen azıqlantırıladı. Biraq ósimliklerdi azıqlantırıwdı nál egilgeninen keyin keminde 10 kúnnen keyin ámelge asırıw talap etiledi. Ekinshi azıqlantırıwdı birinshisinen 15-20 kún ótkennen keyin, sońǵı azıqlantırıw bolsa mıyweniń tawsılıwına bir ay qalǵanda ámelge asırıladı. Birinshi azıqlantırıwda yarım shelek tawıq tezekin yarım shelek suwǵa aralastırıladı. Ekinshi hám onnan keyingi azıqlantırıwlarda bolsa 10 litr suwda 10 gramm mochevina, 10 gramm kaliyli xlor hám 40 gramm superfosfat eritiledi yamasa 40 gramm mikroelementli kompleks tóginnen paydalanıladı. Azıqlantırıw ósimliktiń jaǵdayına baylanıslı túrde hár 10 kúnde bir ret ámelge asıriladı. Eger pomidor nálindegi japıraqlar buralıp, qiysayıp ketse, waqtınsha superfosfattı kemeytirip, kaliyli hám azotlı tóginler muǵdarın 10 litr suwǵa 30 gramm muǵdarında kóbeytiw kerek boladı. Ósimlik átirapında shuqırsha payda etip, oǵan hár bir ósimlikke yarım stakan muǵdarında aǵash kúlin salıw da jaqsı nátiyjelerge alıp keledi. Keyingi waqıtlarda islep shıǵarılǵan hám quramında azottı uslap turıwshı bakteriyalar bar bolǵan «Sińor Pomidor» atlı tógin da miywelerdıń jetilisiwin tezlestiredi, sonday-aq, pomidor ónimdarliǵin asıradı.

Pomidor ósimliginiń sırtqı kórinisine qaray, onıń azıqliq elementlerge bolǵan mútájligin anıqlaw múmkin. Onıń ushın onı hár kúni dıqqat penen baqlaw kerek boladı. Eger ósimliktiń reńi jasıl bolıp, japıraqları sarǵayib, kishireyip ketse, demek topıraqta azot jetispey atir. Eger ósimlik rawajlanıp ketse, biraq gúllew hámde mıywe salıw processi sozılıp ketse, demek azotlı tóginler kóbeyip ketken – bunday jaǵdayda azotlı tóginlerdi beriwdi toqtatıw kerek boladı. Ósimlikke kaliy jetispegende japıraqlarınıń sheti sarǵayadı yamasa qaralaw kóriniske kirip, nabıt bola baslaydı. Kaliy mikroelementi az topraqlarda pomidor ásten ósedi. Jas japıraqlar mayda búrtikli bolıp, eskileri bolsa ash kúlreńge boyaladı. Geyde japıraqları tómenge qaray buralip qaladı. Eger ósimlikke fosfor jetispese, japıraqlar toq-jasıl, kókshil kóriniste boladı yamasa qarayıp quwray baslaydı. Kalciy jetispegende pomidordıń joqarı japıraqları sarǵayadı, tómendegileri bolsa jasıl boladı, tamırları nabıt boladı.

Pomidor miyweleriniń pisiwin tezlestiriw hám ónimdarliǵın asırıw ushın onıń tiykarǵı

denesi shetlerinen ósip shiqqan ósimteler julep alıp taslanadı. Eger bul jumıs qılınbasa, gúlleytuǵın shaqalardıń júdá kóbeyip pomidor miyweleriniń jetilisiwin páseytedi. Bunda pomidordı bir, eki yamasa úsh deneli etip ósiriw múmkin:

- Bir deneli usılda barlıq qıyaǵa qaray ósken shaqlar alıp taslanadı hám tek ǵana tiykarǵı dene qaldıriladi;
- Eki deneli usılda bolsa birinshi gúllew buwınınan basqa barlıq qıya shaqlar julep alıp taslanadı;
- Úsh deneli usılda birinshi gúllew buwınında hám onnan tómende jaylasqan shaqlarǵana qaldırıladı, basqaları bolsa julep alıp taslanadı.

Juwmaqlastırıp aytqanda pomidor hasılin tez-tez terip turıw kerek. Bolmasa piskenleri shirip ketedi. Bunnan tısqarı, hasılı terilgen hám jeńillesken túpleri tazadan hasıl beredi. Hasıl jıynap alınǵannan keyin jerge tezek, superfosfat salınadı hám jer qayta awdarıladı. Sonday-aq, pomidor kesellikleri hám zıyankeslerine qarsı gúrestiń tiykarǵı ilajlarınan biri arnawlı bir maydanda eginlerdi gezek penen egiw rejimine qatań ámel qılıwdan ibarat. Pomidordı bir jer maydanına bir neshe jil dawamında qayta egiw pomidordıń ónimdarlıǵınıń azayına alıp keliwinda esapqa alıw zárúr.

## Ádebiyatlar dizimi:

1. Amanov.B.Sh "Pomidor yetishtirish texnikasi". "Formation of psychology and pedagogy as interdisciplinary sciences". – Italia 2021.
2. The tomato in America : early history, culture, and cookery Columbia, S.C, USA: University of South Carolina Press, 1994. ISBN 1-57003-000-6.
3. Eugene Taylor "Preparing tomato seeds for planting seedlings" 2021. https://uz.domesticfutures.com/podgotovka-semyan-tomatov-k-posevu-na-rassadu-3622